

REGLEMAN DISTRI LEKÒL REJYON PALM BEACH, FLORID

Tit 6Gx50  
Chapit 5. Pou Elèv  
Seksyon 5.18155

Règleman 5.18155 **Alternatif pou elèv ki nan sispansyon deyò lekòl**

**Objektif**

- a. Pwogram altènatif pou elèv ki nan sispansyon deyò lekòl ("ATOSS" ) se yon pwogram volontè pou kèk lekòl espesifik epi li ofri yon opsyon pou elèv ki kalifye yo ki te resevwa sispansyon andeyò lekòl paske yo te vyole yon règleman kèlkonk sou kòd konduit elèv nan chapit 5 règleman komite dirijan lekòl la. Objektif ATOSS se ede elèv yo te mete deyò nan lekòl mentni momentòm akademik yo nan bayo yon opòtinite pou reflechi, ajiste, ak entèaji yon fason pozitif ak kamarad yo, anviwònman edikatif la, ak kominote a, ak yon plasman tanporè nan yon lòt anviwònman edikatif.
- b. Entansyon espesifik ATOSS se sèvi kòm yon altènatif pou yon sispansyon ki pa nan lekòl epi konsa y ap elimine oswa redui nan fason sa a jou sispansyon yon elèv. ATOSS pa yon metòd pou retire inilateralman elèv "tapajè" yo. Nonplis ATOSS pa yon ranplasman oswa yon sibstiti pou voye moun nan yon lekòl altènatif.

**2. Rezime**

- a. Sipèntandan an ap detèmine ki lekòl ki kab patisipe nan pwogram ATOSS baze sou pousantaj timoun lekòl la mete deyò, lokal ki disponib, abilite pou elaji, sekirite elèv, ak kontrent bidjetè.
- b. Pou lekòl ki espesifye yo, direktè (tris) yo ak reprezantan idantifye yo kab ofri elèv ki kalifye ki te nan sispansyon deyò lekòl pou vyolasyon yon règleman ki gen rapò avèk konduit elèv, nan chapit 5 règleman komite dirijan lekòl la, yon plasman nan ATOSS pou kantite jou li te sispans lan. Pandan elèv yo ap patisipe nan pwogram ATOSS la, y ap bayo preparasyon pou FCAT ak kourikoulòm siplemantè disponib ki itilize yon konpoze a karaktè edikatif ak talan vokasyonèl pou lavi. An plis, y ap bay elèv yo sèvis konsèy ak rekòmandasyon apwopriye pou ajans kominotè ki disponib. Yo ta dwe refere elèv ki nan pwogram nan bay ekip komite dirijan lekòl la (School Based Team) ki nan lekòl nan zòn yo lè yo retounen pou kontwòl ak verifikasyon bezwen entèvensyon yo. Jeneralman, lè yo fini pwogram nan, elèv yo ap retounen nan lekòl zòn yo. Y ap deziye lokal espesifik ATOSS yo ak anplwaye ki apwopriye. Se responsablite elèv/paran pou bay transpò pou ale nan lokal ATOSS epi retounen lakay.
- c. Pou chak jou konplè yon elèv patisipe nan yon pwogram ATOSS nan yon lokal ki deziye pou ATOSS, dosye ofisyèl sou prezans Distri lekòl la ap reflète ke elèv la te prezan. Alò, Distri lekòl la p ap deziye ak/oswa anrejistre absans elèv patisipan an pou okenn jou ATOSS. Apre elèv la konplete kantite jou ki te asiye pou ATOSS, l ap gen opòtinite pou l konplete travay pou klas li te manke yo nan lekòl zòn nan, nan yon peryòd tan ki rezonab. Nan ka sa yo, elèv la ap resevwa kredi akademik konplè pou akonplisman atan devwa li te manke yo.
- d. Jou ATOSS yo dwe konfòm ak tout lwa federal ak lwa eta a ki gouvènè sèvis edikatif, ki gen ladan sèvis sa yo ki aplikab pou elèv ki bezwen edikasyon espesyal ("ESE" ). Pou objektif konfòmite ak Lwa § 1003.23 eta Florid, distri lekòl rejyon Palm Beach la deziye ATOSS nan fòm sa a, kòm yon "aktivite edikatif ki konstitye yon pati nan pwogram edikatif lekòl apwouve" pou elèv yo.

- e. Paske ATOSS se yon pwogram volontè paran yon elèv minè, (jan lwa Florid § 1000.21(5) defini l la) responsab oswa reprezantan an dwe eksprime konsantman li lè y ap fè yon plasman ATOSS pou yon elèv ki te nan sispansyon deyò lekòl. Y ap nomine yon ranplasman nan ka kote yon paran oswa responsab la absan. Y ap itilize fòm PBSB 2267 pou plasman nan pwogram lan, ansanm ak fòm 2269 la. Fòm sa yo enkòpore la a dapre referans epi ou kab jwenn yo nan: [www.palmbeach.k12.fl.us/Records/FormSearch.asp](http://www.palmbeach.k12.fl.us/Records/FormSearch.asp)

### 3. Elijibilite pou ATOSS

- a. Direktè (tris)/reprezantan an ap detèmine kalifikasyon elèv ki pou patisipe nan ATOSS. Faktè apre sa yo apwopriye pou detèmine elijibilite nan lekòl ki deziye yo:
  - i. Faktè ki gen rapò ak ensidan ki lakoz sispansyon an;
  - ii. Dosye disiplinè elèv la te genyen avan ak, an patikilye, èske elèv la abitye komèt aksyon vyolan;
  - iii. Yon revizyon istwa akademik elèv la pou sipòte elèv la nan konplete tout devwa akademik ki egzije pou l resevwa kredi konplè osito li fin konplete yon sispansyon nan ATOSS; ak
  - iv. Èske yo te kab mete elèv la deyò lekòl la pou ensidan an.
- b. Elèv ki komèt yon ensidan nivo 4 anba Règleman 5.1812 oswa 5.1813 komite dirijan lekòl la ak elèv y ap mete deyò, pa kalifye pou yon plasman nan ATOSS.

### 4. Kominikasyon ak Paran

- a. Si yo detèmine yon elèv kalifye pou ATOSS, lekòl elèv la dwe diskite menm jou y ap fè detèminasyon kalifikasyon ATOSS la yon òf pou ATOSS ak paran oswa reprezantan an. Diskisyon an dwe fèt anpèsòn oswa pa telefòn.
  - b. Lekòl la dwe kominike paran an enfòmasyon apre a:
    - i. Ke elèv la te resevwa yon sispansyon ki pa nan lekòl la;
    - ii. Ke elèv la kalifye pou asiste klas ATOSS pandan sispansyon an;
    - iii. Objektif pwogram ATOSS la ak kòman li fonksyone;
    - iv. Lekòl la pwopoze pou plase elèv la nan ATOSS pou yon peryòd tan ki espesifye;
    - v. Ke paran oswa reprezantan an rekonèt responsablite pou bay elèv la transpò chak jou pou mennen l nan lokal ATOSS epi retounen vin chèche l;
    - vi. Ke paran an oswa reprezantan an kab aksepte oswa refize òf ATOSS la pou elèv la;
    - vii. Ke si paran an oswa reprezantan an aksepte òf la, toulède, paran oswa reprezantan an ak elèv la dwe asiste 15-minit sesyon oryantasyon nan lokal ATOSS ki deziye a nan premye jou elèv la pra l lekòl la; epi
    - viii. Nan kòmansman klas ATOSS, paran oswa reprezantan an dwe bay konsantman li alekrit pou elèv la prezan nan klas ATOSS chak jou yo ke lekòl la deziye.
5. **Kesyon sou desizyon.**—Yon elèv yo sispann epi ki kwè yo ta dwe ofri l opòtinite pou l kalifye pou ATOSS, kab mande direktè (tris) lekòl zòn li an dirèkteman yon rekonsiderasyon sou desizyon an. Direktè (tris) la ap gen otorite pou desizyon final ki baze sou menm faktè ki site anwo nan seksyon (3) yo.

## 6. Elèv ki elijib pou ESE

- a. Elèv ki kalifye pou ESE ap resevwa sèvis ki nan pwogram edikasyon endividyèl yo, jan konfòmite ak lwa pou edikasyon endividi ki gen andikap detèmine l la, lwa ki aplike règleman yo, ak lwa eta a.
- b. ATOSS pa dwe prive timoun ki gen andikap dwa yo pou resevwa edikasyon piblik ki apwopriye. Komite dirijan lekòl la ap asire ke elèv ESE ki kalifye resevwa sèvis aplikab ak pwosedi sekirite.

OTORITE LEGAL: Fla. Stat. §§ 1001.32(2); 1001.41(2); 1001.42(6)(a); 1001.42(23)

LWA ANVIGÈ: Fla. Stat. §§ 1006.07(1)(a); 1006.07(2); 1006.08(1); 1006.09(1)(b);  
1003.23(1)

DOSYE ISTORIK: 12/3/08 (ER); 28/5/2008; 3/9/08